



Konn kilè ak ki kote pou ou travèse sou ray yo.

VIV POU  
RAKONTE



# Kit ou ap mache, ou sou bisiklèt oswa ou ap kondui yon machin, men kèk bagay senp pou “FÈ” epi “PA FÈ” pou ENTELIJAN SOU RAY TREN.

F  
È

- ◊ Rete dèyè liy oswa baryè kanpe a pandan ou ap tann tren an pase.
- ◊ Tann baryè yo fin leve nèt anvan ou travèse.
- ◊ Gade adwat agoch pou asire w pa gen okenn tren ki ap vini.
- ◊ Itilize twotwa yo oswa lòt kote yo bay pou travèse yo.
- ◊ Obeyi tout siyal ak tout pano avètisman yo.
- ◊ Rele nimewo ki make sou Pano Notifikasyon Ijans koulè ble ki nan chak kote wout la pase sou ray yo pou ou siyale yon pwoblèm oswa yon ijans.

P  
A  
F  
È

- ◊ Pase sou kote oswa anba baryè yo lè yo desann.
- ◊ Kanpe sou ray yo.
- ◊ Pase nan wout kout arebò oswa anlè ray yo – sa se depase limit la.
- ◊ Pale nan telefòn, voye mesaj tèks oswa koute nan kas lè ou ap travèse ray yo.
- ◊ Lonje men, janm oswa nenpòt lòt pati nan kò ou depase baryè oswa kote pou kanpe a.
- ◊ Travèse ray yo lè limyè wouj ap flache.

